

# Medicare kouvri vaksen kont COVID-19 yo



Medicare kouvri vaksen kont orijinal maladi kowonaviris 2019 (COVID-19) la ak dòz rapèl vaksen a gratis pou ou. Dòz rapèl vaksen a vize souch orijinal COVID-19 viral ak 2 varyan Omicron yo (BA.4/BA.5).

Ou ka jwenn yon dòz rapèl vaksen aktyalize nan men menm manifakti vaksen kont COVID-19 ou te resevwa anpremye a, oswa ou ka chwazi pran li nan men yon manifakti diferan.

Si ou te pran yon vaksen Pfizer oswa Moderna kont COVID-19, ou ka pran yon dòz rapèl omwen 5 mwa apre ou fin ranpli dezyèm dòz ou nan seri vaksen Pfizer oswa Moderna kont COVID-19 la. Si w te pran yon vaksen Johnson & Johnson COVID-19, ou ka pran yon dòz rapèl omwen 2 mwa apre w te fin resevwa premye vaksen w lan.

- Pote kat Medicare wouj, blan ak ble ou avèk ou, menmsi w enskri nan yon Plan Medicare Advantage. Founisè w la ap bezwen Nimewo Medicare w pou w faktire Medicare.
- Vizite Medicare.gov pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti Medicare pou vaksen kont COVID-19 la ak lòt sèvis ki gen rapò avèk yo.
- Vizite sitwèb CDC.gov/coronavirus pou jwenn enfòmasyon sou vaksen yo ak etap ou ka pran pou kenbe tèt ou ak lòt moun an sekirite kont COVID-19.